



Fich Enfòmasyon #4:

Diferans ant Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) ak Asistans Lojman ki Baze sou Pwojè (PBRA)

Nan kad Demonstrasyon Asistans Lwaye a (RAD) yon otorite lojman publik (PHA) ka konvèti asistans soti nan pwogram lojman publik la ale nan asistans Seksyon 8 ki baze sou pwojè alontèm. Yon PHA dwe chwazi ant de fòm asistans Seksyon 8 ki baze sou pwojè: **Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) ak Asistans Lokasyon ki Baze sou Pwojè (PBRA)** Fich Enfòmasyon sa a diskite sou de fòm asistans seksyon 8 ki baze sou pwojè sa yo.



Kisa Seksyon 8 ki Baze sou Pwojè a ye?

Dapre Seksyon 8 la, yon fanmi peye 30% revni ajiste li pou lwave. Lè sa a pwopriyetè a resevwa yon sibvansyon nan men HUD oswa nan men yon otorite lojman pou kouvri rès lwave a. Asistans Seksyon 8 la ka baze sou pwojè oswa lokatè.

Nenpòt asistans ki baze sou pwojè atache a inite espesifik nan yonbilding (souvan tout inite yo nan bilding nan). Inite a ka sèlman lwe bay yon fanmi ki gen revni trè ba ki pral peye 30% revni ajiste lipou lwave. Si fanmi an demenaje, inite a dwe lwe bay yon nouvo fanmiki bezwen asistans lwave.

Nan kad RAD, yon pwopriyetè lojman publik ka konvèti an youn an de tip pwogram Seksyon 8 ki baze sou pwojè: **Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) ak Asistans Lokasyon ki Baze sou Pwojè (PBRA)**.

Seksyon ki Baze sou Pwojè kont Seksyon 8 ki Baze sou Lokatè

Lè laplipa moun yo tandé Seksyon 8, yo gen chans pou pansea yon koupon: “baze sou lokatè” ki pèmèt yon fanmi jwenn kay prive epi itlige koupon an pou sibvansyon lwave yo. Nan Seksyon 8 ki baze sou pwojè a, sibvansyon HUD a konekte a pwopriyete a pou avantaj aktyèl ak pwochen rezidan yo.



Kisa Pwogram Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) a ye

PBV fè pati pwogram **Koupon Chwa Lojman (HCV)**, ki jere pa otorite lojman publik lokal la (PHA). PHA yo itilize yon pati nan finansman HCV yo a pou kontra alontèm ki lye finansman a yon bilding espesifik (“baze sou pwojè”). Kontra sa yo ki “baze sou pwojè” batí pwogram PBV a epi fonksyone dapre règleman yo nan 24 CFR 983.

Fich Enfòmasyon #4: Diferans ant Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) ak Asistans Lojman ki Baze sou Pwojè (PBRA)



Kisa Pwogram Asistans Lwaye ki Baze sou Pwojè (PBRA) ye?

PBRA se yon lòt fòm kontra Seksyon 8 ki baze sou pwojè epi li jere pa Biwo Pwogram Lojman pou Plizyè Fanmi HUD. Nan kad PBRA, kontra a se ant HUD ak mèt pwopriyete a. Pwojè yo jeredapre règleman nan 24 CFR 880.



Èske Pwopriyete m nan Pral Rete Abòdab?

Pwogram PBV ak PBRA yo itilize yon **Kontra Peman Asistans Lojman (HAP)** ki fikse tèm ak kondisyon pwopriyetè a aksepte pou l ka resevwa sibvansyon.

PBV Pou PBV, tèm Kontra HAP Inisyal la pral omwen 15 ane (oswa jiska 20 ane avèk apwobasyon PHA) epi li dwe renouvre nan fen tèm sa a ak chak tèm renouvlab.

PBRA Pou PBRA, tèm Kontra HAP Inisyal la pral omwen 20 ane epi li dwe renouvre nan fen tèm sa a ak chak tèm renouvlab.



Avèk Kiyès Mwen Pral Siyen yon KontraLwaye? Kiyès ki Pral fè Resètifikasyon yo?

PBV Pou PBV, ou pral egzekite yon lwaye avèk Mèt Pwojè a oswa administratè pwopriyete a k ap aji nan pwòp non l. PHA pral fè resètifikasyon revni anyèl ak resètifikasyon revni pwovizwa ou yo.

PBRA Pou PBRA, ou pral egzekite yon lwaye avèk Mèt Pwojè a oswa administratè pwopriyete a k ap aji nan pwòp non l. Responsab pwojè a pral tou fè resètifikasyon revni anyèl ak pwovizwa a.



Fich Enfòmasyon #4: Diferans ant Koupon ki Baze sou Pwojè (PBV) ak Asistans Lojman ki Baze sou Pwojè (PBRA)



Èske m Pral Kapab Chwazi Kote Map Viv Atravè RAD?

Si pwopriyete w la konvèti atravè RAD, apre yon sèten tan, ou ka mande yon **koupon lokatè** atravè **opsyon** "mobilite chwa" a. Yon koupon lokatè pèmèt ou lwe lojman sou mache lokasyon prive a. (Pou plis enfòmasyon, gade [Fich Enfòmasyon #12 la: Mobilite Chwa](#))

PBV Pou PBV, ou ka mande yon koupon lokatè apre w fin viv nan yon pwopriyete RAD pandan yon ane.

PBRA Pou PBVRA ou ka mande yon koupon lokatè apre w fin viv nan yon pwopriyete RAD pandan de ane.

Koupon ki Baze sou Pwojè	Asistans Lwave ki Baze sou Pwojè
Abòdabilite rete avèk pwopriyete a	Abòdabilite rete avèk pwopriyete a
Kontra asistans lwave inisyal la se pou 15 oswa 20 ane epi li dwe renouve	Kontra asistans lwave inisyal la se pou 20 ane epi li dwe renouve
Lwave ki siyen avèk mèt pwopriyete a/ administratè	Lwave ki siyen avèk mèt pwopriyete a/ administratè
PHA fè resètifikasyon	Administratè Pwopriyete fè resètifikasyon
Ou ka mande yon koupon lokatè apre yon ane 1 ane	Ou ka mande yon koupon lokatè apre 2 ane



Northfield, MN: Three Links Apartments se yon kominote granmoun aje. Atravè RAD, apatman yo te vin aksesib epi biling yo amelyore. REzidan yo pa t demenaje.